# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–13 मार्च 2024 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु उन्नाव, फर्रूखाबाद अउर बरेली में आठ सौ सत्तावन करोड़ रूपिया से बेसी के लागति क दुई सौ ओनहत्तर विकास परियोजनन क लोकार्पण और नेई धइलें। सबसे पहिले मुख्यमंत्री उन्नाव क फतेहपुर चौरासी क ग्राम चंद्रिकाखेड़ा में सहीद गुलाब सिंह लोधी के मुरती क अनावरण कइलें। ओकरे बाद दुइ सौ एकतालीस दसमलव दुइ छौ करोड़ क एक सौ तीनि परियोजनन के जिला क लोगिन के सौगात दिहलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री अपने सम्बोधन में कहलें कि पछिला दस बरिस में भारत विकास के नया ऊंचाइयन के प्राप्त कइले हौ। येही क नतीजा हौ कि भारत विश्व गुरू के रूप में उभरत देखाई दे रहल हौ। उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री मोदी क अगिला कार्यकाल में भारत विश्व क तिसरी सबसे बड़हन अर्थव्यवस्था बनि जाई। एकरे बाद मुख्यमंत्री फर्रूखाबाद जिला में दुइ सौ अट्‌ठासी दसमलव दुइ पांच करोड़ क एक सौ दुइ परियोजनन क लोकारपण अउर नेइ धइलीं। मुख्यमंत्री कहलें कि बरिस दुइ हजार चउदह से पहिले दुनिया में भारत के अपेक्षित सम्मान नाहीं मिलल। तिउहारन से पहिले करफ़ू लगि जात रहल। बाकिर आजु सबकुछ बदलि गइल। एकरे बाद मुख्यमंत्री बरेली जिला में तीनि सौ अट्‌ठाइस करोड़ के चौंसठ विकास परियोजनन क लोकारपण अउर नेइयो धइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले हवें कि चीन क उत्पादन के हमन के अपने बजारि से दूर कई दिहले हई। इहे हमरे एमएसएमई यूनिट्स के ताकति क नतीजा हौ। येहसे बड़हन राष्ट्रवाद का हो सकेला। जोत हमरे घर क उत्पाद बजारि में छा रहल हौ त हमहनो के ओके प्रोत्साहित करे के होई अउर प्रेरित कईके प्लेटफार्म उपलब्ध करावे के होई। आजु दीपावली, विजयादशमी, ईद अउर क्रिसमस पर यूपी क ही उत्पाद बाजारि में देखे क मिलि रहल हौ। मुख्यमंत्री आजु लखनऊ क लोक भवन सभागार में एमएसएमई क्षेत्र बदे आयोजित तीस हजार आठ सौ छब्बीस करोड़ क मेगा ऋण वितरण कार्यक्रम के संबोधित करत रहले। येह बिच्चे मुख्यमंत्री उन्नाव में मंजूर कईल गईल प्लेज पार्क क विकासकर्ता लोगिन के चेक बटलें। ओही उहां के औद्योगिक भूखण्डंन क आवंटन बदे ऑन लाईन पार्टल क भी शुभारंभ कइलीं।

**********

फरजी तरीका से सस्त्र लाइसेंस पवले के मामिला में बनारस क बिसेस न्यायाधीस अवनीश गौतम क अदालति आजु पूर्व विधायक मुख्तार अंसारी के उमिरि कैद क सजा सुनवले हौ। अदालति सजा में दुइ लाख रूपिया क जुरमानों पूर्व विधायक पर लगवले हौ। जो त पूर्व विधायक जमानति क रासि नाहीं दे पइहें, त सजा एक सालि अउरियो बढ़ि जाई।

मामिला क सुनवाई के समय बांदा जेलि में बन्न मुख्तार अंसारी वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग के जरिया से जुड़ल रहल। येह मामिला क जनकारी देत ओकील नित्यानंद बतवलें मुख्तार अंसारी दस जून ओन्नइस सौ सतासी के दुनाली बंदूक क लाइसेंस बदे गाजीपुर क जिला मजिस्ट्रेट कार्यालय में अरजी दिहले रहल। आरोप हवे कि पूर्व विधायक गाजीपुर क तत्कालीन डीएम अउर एसपी क फरजी दस्खति से संस्तुति पा के सस्त्र लाइसेंस ले लिहले रहल। मामिला उजागिर भइले पर सीबीसीआईडी चारि दिसम्बर ओन्नइस सौ नब्बे के मोहमदाबाद थान्हा में मुख्तार अंसारी, ओह समय क डिप्टी कलेक्टर के साथे पांच नामजद अउर अज्ञात लोगिन के खिलाफ मोकदिमा दरज करवले रहल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ महंगाई भत्ता में चारि फीसदी बढोत्तरी पर मंजूरी देके प्रदेश क 16 लाख राज्य कर्मियन के होली का उपहार दिहले हवें। येह बढ़ोत्तरी के बादि राज्य कर्मचारियन के अब 46 फीसदी के बजाय 50 फीसदी क दर से महंगाई भत्ता मिली। ई आदेश एक जनौरी दुई हजार चौबीस से प्रभावी होई। अपर मुख्य सचिव महंगाई भत्ता में बढोत्तरी क आदेश जारी कई दिहले हवें।

**********

आवे वाला लोकसभा चुनाव में मतदान प्रतिसत बढावे बदे मतदाता जागरूकता की ओरी से आजु अमरोहा क शर्मा देवी बालिका इण्टर कालेज क छात्रा लोगि मतदाता जागरूकता रैली निकरलीं। रैली के प्रधानाचार्य चारू शर्मा झंण्डी दिखा के रवाना कइली। रैली नगर क प्रमुख राहिन से होत वापिस कॉलेज क हाता में आके पूरा भइल। येह बिच्चे छात्रा लोगि आम जनमानस के मतदान बदे जागरूक कइलिन। येह मौका पर उपजिलाधिकारी सदर सुधीर कुमार सज्जो लोगिन के मतदान क शपथ दियवलें।

**********

भारतीय जनता पारटी किसान मोर्चा के राष्ट्रव्यापी अभियान, ग्राम परिक्रमा यात्रा के समापन समारोह क आयोजन आजु बनारस के नीचीबाग कार्यालय में कइल गइल। समारोह क मुख्य अतिथि विधायक पूर्व राज्यमंत्री डॉक्टर नीलकंठ तिवारी कहलें कि जो त सांगठनिक चाहे सेवा क कार हो, चाहे लाभारथी योजना क परचार–प्रसार हो किसान मोर्चा आगे रहे ला। ओकर जवन भूमिका राष्ट्रीय चाहे प्रदेस स्तर पर तय होले, ओह भूमिका के सुनिस्चितता, मजबूती अउर उच्च स्तरीयता के साथे बहुते संजीदगी से पूरा करे ला। येह मौका पर किसान मोर्चा क प्रदेस मंत्री बृजनंदनो मौजूद रहलें।

**********

लोकसभा चुनाव–दुइ हजार चउबीस के सकुसल आयोजन के ले के आजु जौनपुर में मतदान करमियन के ट्रेनिंग क आयोजन कइल गइल। येह दौरान जिलाधिकारी रविंद्र कुमार क अध्यक्षता में करमचारियन के निर्वाचन क जिम्मेदारी अउर ओहसे जुड़ल सज्जो रिपोर्ट क प्रारूप तइयार करे बदे बिस्तार से ट्रेनिंग दीहल गइल।

**********